

SB 1718 AK KONDWI NAN FLORID SI OU SAN DOKIMAN



Kon Lwa yo

Lisans andeyò leta ki fè pati yon klas lisans yo bay sèlman pou imigran san papyè ki pa kapab pwouve yo gen estati imigrasyon legal Ozetazini yo pa valab ankò nan eta Florida.

Si yo stope w pandan w ap kondwi, epi w prezante yon lisans chofè ki pa valab, yo ka rele w aba chaj kriminèl pou w kondwit san lisans. Dapre lalwa Florid la, se yon deli dezyèm degre pou w kondwi san yon lisans valid, epi si yo kondane w, ou ka fè fas ak yon amann oswa prizon.

Ou toujou gen pèmisyon pou w posede yon lisans chofè ki pa valab ankò nan Florid—ou jis pa ka itilize li pou ba w otorizasyon legal pou w kondwi (sa vle di si lapolis fè w kanpe, yon lisans ki pa valab andeyò leta a ap montre ou pa ka kapab kondwi legalman nan Florid, men li pa pral ilegal pou posede l). Tou depan de anviwònman an, ou ka toujou kapab itilize lisans chofè w la kòm yon fòm idantifikasyon.

Kon dwa ou

Pwoteje tèt ou

Si w pa gen papyè epi yon lòt eta te ba w lisans pou kondwi, konfime si li valab dapre lalwa Florid anvan w kondwi nan Eta Florid.